



**PEMERINTAH KOTA BOGOR DINAS PENDIDIKAN
SEKOLAH DASAR NEGERI CIBULUH 4
KECAMATAN BOGOR UTARA**

Jl. Ciburial RT 04/04 Kel. Ciparigi Bogor 16157 Telp. (0251) 8664194
NPSN 20220082 NSS 10102610032

**PENILAIAN AKHIR TAHUN (PAT)
TAHUN PELAJARAN 2020/2021**

**MATA PELAJARAN : BAHASA SUNDA
KELAS : VI (ENAM)**

**HARI/TANGGAL : KAMIS, 29 APRIL 2021
WAKTU : JAM KE – 2**

No. Absen	Nama	Nilai	Paraf Guru	Paraf Orang Tua

Ketik / tulislah salah satu huruf a, b, c, atau d di kolom yang telah disediakan sebagai pilihan jawaban yang benar!

**Titénan wacana dihandap ieu!
Pikeun ngajawab soal nomor 1 – 5**

Radén Dewi Sartika dibabarkeun dina kaping 4 Desember 1884 di kota Bandung. Sakumaha ilaharna putra-putri ningrat dina waktu harita. Radén Dewi Sartika disakolakeun disakola Walanda. Sepuhna nyaéta Radén Somanagara ngaharepkeun sangkan Radén Dewi Sartika jadi wanoja nu binangkit. Berkat jasa kana pangajaran diajarkeun deui ka rérénganana dugi ka ngadegkeun sakola nu namina “Sakola Kautamaan Istri

- Kasimpulan tina teks narasi nyaeta
 - perjuangan Raden Dewi Sartika ngadegkeun sakola kanggo istri
 - sajarah dibabarkeuna Radén Dewi Sartika
 - prestasi-prestasi Raden Dewi Sartika di sakolana
 - asal usul Raden Dewi Sartika
- Radén Dewi Sartika dibabarkeun dina kaping,....
 - 4 Desember 1884
 - 27 Desember 1884
 - 5 Januari 1884
 - 24 Januari 1986
- Sepuh Raden Dewi Sartika Yaeta,....
 - Raden Galih
 - Raden Somanadara
 - Raden Arya
 - Raden Kiansantang
- Buruan sakola katingali éndah. Di sisi jalan kénca katuhu dipelakan rupa-rupa perkembangan nu sareungit.* Karangan di luhur nyaritakeun kaéndahan sakola, karangan sarupa kitu disebut
 - Sorangan
 - Éksposisi
 - Pamadegan
 - Paparan
- Murid-murid SD Mekar Jaya keur kerja bakti meresihan pakarangan sakola. Sakabéh murid ti kelas hiji nepi ka kelas genep milu kerja bakti.* Hal poko nu dicaritakeun nyaéta
 - Guru-guru
 - Sakabéh murid
 - Kerja bakti
 - Murid-murid sd
- Pamaréntah Indonésia baris ngabébaskeun biaya pendidikan dasar ti mimiti taun ajaran 2005.* Hal poko tina warta radio di luhur nyaéta
 - Indonésia
 - Biaya pendidikan
 - Taun ajaran 2005
 - Bébas biaya pendidikan dasar

Baca kawih ieu sing taliti !

Cita-Cita

Cipt: Ubun R Kubarsih

Cita-cita, cita-cita

Mangka laksana mun diajarna rajin

Cita-cita, cita-cita

Pareng laksana mun diajarna tigh

7. Dumasar kana kawih, Cita-cita teh bakal laksana mun urang diajarna
 - a. Campoleh
 - b. Rajin
 - c. Bageur
 - d. Soleh
8. *Kerja bakti geus lumangsung ti baheula nepi ka kiwari.*
Baheula hartina..... nu geus lila kaliwat.
 - a. Waktu
 - b. Poé
 - c. Buku
 - d. Bulan
9. *Kerja bakti saméméhna dibéwarakeun heula.*
Dibéwarakeun saruaan tina
 - a. Disaruakeun
 - b. Dikerjakeun
 - c. Diumumkeun
 - d. Dicaritakeun
10. Karangan karangan nu nerangkeun hiji kajadian supaya karasa jadi éndah atawa jadi kapincut.
 - a. Sorangan
 - b. Murid
 - c. Batur
 - d. Éksposisi
11. *Masyarakat Désa Sukaluyu mangrupikeun masarakat anu..... digawé jeung resep kabersihan.* Lengkepan kalimah di luhur!
 - a. Rajin
 - b. Kerja
 - c. Males
 - d. Hirup
12. *Masyarakat Désa Sukaluyu sadar yén kerja bakti loba ngadatangkeun* Lengkepan kalimah di luhur!
 - a. Masalah
 - b. Duit
 - c. Mangpaat
 - d. Sampah
13. *Kerja bakti di RT 02 Désa Sukaluyu biasana..... ku ketua RT langsung.* Lengkepan kalimah di luhur!
 - a. Ditingali
 - b. Dipingpin
 - c. Dibaca
 - d. Diganggu
14. Ngagunakeun tanda koma nu bener aya dina kalimah...
 - a. Neni, Danu, jeung Mardi araya di imah.
 - b. Neni Danu jeung, Mardi araya di imah.
 - c. Neni, Danu, jeung, Mardi, araya, di imah.
 - d. Neni, Danu jeung, Mardi, araya, di imah.
15. Awahing ku lucu nempo nu ngabodor, atuh nu nongton ngan Bae seuri.
Kecap panganteur jang nganggeuskeun kalimah di luhur nyaeta...
 - a. Ger
 - b. Der
 - c. Belenyeh
 - d. Gelenyu

16. Kumaha kedahna supados hasilna sae ? Kalimah eta kaasup kana kalimah...

- a. Panitah.
- b. Pananya
- c. Wawaran
- d. Panyeluk

17. Kalimah di handap nu kaasup kana kalimah wawaran nyaeta....

- a. Puntén panggadamelkeun kueh.
- b. Kamari di sakola aya nu dagang buku.
- c. Wilujeng sumping ka sadayana.
- d. Teu kenging ameng di dinya.

18. Nu kaasup kalimah panitah nu bener nyaeta...

- a. Cokotkeun buku!
- b. Pangcokotkeun!
- c. Andakeun buku!
- d. Puntén pangcandakeun buku.

19. Baca teks paguneman ieu!

Ujang : “Sep, bade kamana meuni rapih pisan?”

Asep : “Bade pulang kampung Jang”

Ujang : “Kamana uihna?”

Asep : “Ka Bogor Sep”

Ujang : “Nya atuh hati-hati di jalana”

Asep : “Hatur nuhun Jang!”

Dumasar paguneman, topik anu tepat nyaéta....

- a. sakola
- b. mudik
- c. jalan-jalan
- d. indit gawé

Baca Teks Sajak ieu jang ngeusian nomor 20 nepi ka 22!

Kaéndahan Alam

(*Karya Ulfa Pitriani*)

Kacida éndah na alam ieu
Sawah anu luas ngabéntang
Gunung-gunung anu ngajulang nyusul langit
Laut nu biru sarta ombak anu éndah
Éta ciptaan Allah anu Maha Ésa
Anu Maha Agung
Anu nyiptakeun raragam kaéndahan alam

20. Sajak Kaéndahan Alam ngandung amanat nyaéta....

- a. kudu rajin ngajaga lingkungan sakola
- b. kudu rajin beberesih dilingkungan imah
- c. kudu loba sukur ka Allah sabab kaéndahan alam ciptaan Allah anu Maha Ésa.
- d. kudu loba inget ka Nagara.

21. Cara nu bener, ngajaga kaéndahan alam nyaéta....

- a. miceun runtah ka tempatna
- b. miceun runtah dimana waé
- c. miceun runtah ka walungan
- d. miceun runtah diburuan

22. Akibat lamun urang teu ngajaga kaéndahan alam nyaéta....

- a. alam jadi bersih
- b. alam jadi ruksak
- c. alam jadi subur
- d. alam jadi bageur

23. Cara nanya ka narasumber kudu ngagunakeun pananya nu **alus**.

Naon antonimna kecap (lawan kata) **alus** ?

- a. Saé
- b. Anyar
- c. Butut

d. Mahal

24. *di sakola badé diayakeun bimbél?*
Lengkepan kalimah tanya di luhur!
a. Di mana
b. Saha
c. Iraha
d. Naha

Perhatikeun teks paguneman ieu jang ngeusian nomor 25 nepi ka 27!

Asep : “Mak, Si Amar tos saminggu teu sakola”

Emak : “Kunaon teu damang Si Amar téh? Naha lami-lami teuing teu sakolana?”

Asep : “Saur namah teu gaduh saragam jang sakola. Kamari bumina kabanjiran. Sadaya barangna palid kabawa banjir”

Emak : “Aduh karunya teuing atuh”

Asep : “Enya mak. Asep jeung babaturan rencanana bade ngagalang dana kanggo mésér paralatan sakola Amar”

Emak : “Alus ari kitumah, urang jeung sasama kudu saling bantu lamun aya nu keur kasusahan. Méh urang lamun keur aya musibah pasti dibantu ku nu lain”.

Asep : “Enya Mak, Asep ge sumanget ngagalang dana téh méh Amar énggal sakola deui”

Emak : “Tangtu. Upama urang migawé kahadéan, haté téh pasti sumanget tur bungah”

25. Dumasar paguneman Asep jeung Emak, Amar teu sakola kusabab....
a. teu gaduh sapatu
b. teu gaduh kantong
c. teu gaduh artos jajan
d. teu gaduh saragam
26. Kasimpulan tina paguneman éta nyaéta....
a. Amar teu sakola saminggu
b. Amar ngayakeun penggalangan dana kanggo Asep nu kabanjiran
c. Asep ngayakeun penggalangan dana kanggo Amar
d. Asep karunya ka Amar kusabab teu boga baju saragam
27. Lamun Asep jeung babaturanna teu ngagalang dana jang Amar, anu bakal kajadian nyaéta..
a. Amar sakola
b. Amar teu asup sakola
c. Amar geuring
d. Amar ulin
28. Ga mbar di handap mangrupa alat nu gunana pikeun....



- a. Nyangu
b. Nyayur
c. Naheur cai
d. Nyieun es
29. Jaman baheula mah nyangu teh sok make aseupan.
Aseupan teh nyaéta ...
a. pakakas masak pikeun ngabersihan béas
b. wadah paranti ngasakan sangu
c. parabol dapur paranti ngakeul sangu dijieuna tina kai
d. alat keur ngageberan sangu nalika diak
30. Sango anu geus asak biasana ku emak disimpen dina,...
a. Siduk
b. Nyiru
c. Boboko
d. Coet

31. Dina ngagunakeun sosial media urang ulah nyebarkeun fitnah atawa warta palsu.
Paribasa pikeun ngalapkeun kalimah diluhur nyaeta ...
- Tarajé nangeuh dulang tinandé
 - Ulah ngaliarkeun taleus ateul
 - Nyaur kudu diukur nyabda kudu diunggang
 - Ka cai jadi saleuwi, ka darat jadi salogak

Perhatikeun teks lirik pupuh ieu jang ngeusian nomor 32 nepi ka !

*Budak leutik bisa ngapung
Babakuna tengah peuting
Ngalayang kakalayaan
Neangan nu amis-amis
Sarupaning bungbuahan
Naon baé nu kapanggih*

*Ari beurang ngagarantung
Dina dahan-dahan kai
Disada kokoréakan
Cing coba ku anjeun pikir
Nu kitu naon ngaranna
Pinter mun bisa kapanggih*

32. Lirik diluhur yaeta mangrupa lirik pupuh....
- Kinanti
 - Asmandana
 - Sekar
 - Sinom
33. Guru wilangan jeung guru laguna tina pupuh diluhur yaeta,..
- 8i, 8a, 8é/o, 8a, 7a, 8u, 8a.
 - 8u, 8i, 8a, 8i, 8a
 - 8i, 8a, 8é/o, 8a, 7a, 8u, 8a.
 - 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a,
34. Pupuh diluhur diwangun ku padalisan
- 7
 - 8
 - 12
 - 10
35. Watek tina pupuh kinanti yaeta...
- Ngagambarkeun rasa sedih
 - Ngagambarkeun rasa humor
 - Ngagambarkeun rasa sedih
 - Ngagambarkeun rasa penantian